*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 7 (6836) * 16 ФЕВРАЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 28 ШАГIБАН 1447 с. *

## КъотIи – къаялъул хъулухъ ва рагъулаб хъулухъалде ахIи



**Гьал къоязда районалъул администрациялда тIобитIана къотIи – къаялъул хъулухъалде гIадамал ахIиялъул ва призывалъул суалал гьоркор лъураб данделъи.**

Гьеб нухда бачана районалъул бетIер М. ТIагьировас. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель А. Маликовас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз, учреждениязул нухмалъулез, районалъул росабазул администрациязул бутIруз ва росабазул администрациязул рагъулабгун хIисабалъул столазул хIалтIухъабаз.



Гьединал данделъаби щибаб итни къоязда тIобитIула районалъул администрациялда. Гьениб гьоркьоблъун хал гьабула щибаб росдал администрациялъ ва рагъулаб хIисабалъул столалъул хIалтIухъабаз араб анкьида гьарурал хIалтIабазул. Данделъиялда хасго цIикIкIараб кIвар буссине гьабуна районалда рехсолел суалазда тIасан гьабулеб бичIчIикьеялъул хIалтIи цIикIкIине гьабизе ккеялде. Гьединго данделъиялъул хIасилал данде росулаго къуна чIванкъотIарал тIадкъаял ва рихьизе гьаруна гьезул жавабиял.

## Рагъулаб хIисабалде росана



**Гьаб соналъул февраль моцIалдасан байбихьана районалъул 16 сониде рахарал гIолилал рагъулаб хIисабалде росиялъул хIалтIаби гьаризе.**

Рагъулаб хIисабалде росизегIан гIолохъабаз гьабизе ккола медицинаялъул комиссия, гьениб чIезе гьабула рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул категория. Гьелдаса хадуб гIолохъабазухъе кьола рагъулаб хIисабалде росиялъул документ - приписное удостоверение. Гьел хIалтIаби районалда тIоритIула щибаб соналъ. Гьениб чIезе гьабула сахлъиялъул рахъалъ рагъулаб хъулухъалде ахIизе бегьулеблъи, лъаялъул даража, профессионалияб рахъалъ рагъулаб хъулухъалде яги рагъулал цIалул заведениязде ине хIадурлъи. Гьел хIалтIаби тIоритIула районалъул поликлиникаялда хасаб комиссиялъ. Рагъулаб хIисабалда лъезе жиндир заманалда рачIинчIел гIолохъабазе чIезе гьарун руго гIакIаби.

21 ФЕВРАЛЬ – ТIОЛГОДУНЯЛАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗДА ГЬОРКЬОСЕБ РАХЬДАЛ МАЦIАЗУЛ КЪО

# ЦIуне, магIарулал, миллаталъул, мацI!

**ЦIуне, магIарулал,**
**миллаталъул, мацI,**
**МугIрузда хъудараб,зобал гьугьараб,**
**Заназда бикIараб, ботIролъ бессараб,**
**ГIасрабаз наслуялъ нилъее тараб.**
*Нуцалай Килалъа*

Эбелалъул каламалдасан тIоцебе щивав чиясда рагIулеб бищунго хирияб, хIеренаб рахьдал мацIалъул бугеб кIваралъе кьимат кьезе захIматаб жо буго. Миллаталъул мацI цIунун бугони буго гIумру, тарих, гIадатал ва маданият.

21 февраль - ТIолгодунялалъул халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо ккола. Гьеб чIезабуна 1999 соналда ЮНЕСКОялъул Генералияб конференциялъул 30 – леб сессиялда. 2000-леб соналъ гьеб къо ана тIолгодунялалъул байрамазул календаралде гьоркьобеги.

Байрамалда хурхун киса – кирего тIоритIула батIи – батIиял акциял, тематикиял дискуссиял, поэтическиял сардал ва батIи – батIиял къецал, фестивалал. Киналго тадбиразул гIаммаб масъалалъун ккола рахьдал мацIалде кIвар цIикIкIун буссинаби.

Баяналъе, нилъер хIукуматалда гIумру гьабулеб буго 193 батIи – батIияб миллаталъул халкъаз. Гьез хIалтIизабула 277 батIияб миллияб мацI.

Россиялда лъай кьола 24 батIияб мацIалда ва лъай кьеялъул программабазде босун буго 81 миллияб мацI. Ахирисеб нусго сонида жаниб Россиялда тIубанго тIагIана 15 мацI, гьездаса 10 яб тIагIана ахирияб 35 сонида жаниб. Цойги, Россиялда тIагIине рес бугеллъун рикIкIуна 139 халкъияб мацI.

МагIарул мацI рикIкIуна Северияб Кавказалдаго бищунго гIемерал гIадамазул рахьдал мацIлъун. Амма, сон бахъанагIан магIарул мацIалъ кIалъалел дагьлъулел рукIин якьинаб буго.

Хасго, лъикIаб гуреб хIал буго шагьаразда. МагIарул миллаталъулги жал ругилан абулезда лъалеб гьечIо бицине магIарул мацI. Росабалъ ахIвал – хIал, шагьаразда гIадинаб гьечIониги, нилъеда бихьулеб буго ясли – ахаздасанго рахьдал мацI бицинчIого гIолел рукIин лъимал. Балъгояб жо гуро, нилъер гIун бачIунеб гIел, цIикIкIун гIурус мацIалда кIалъалел рукIин.

Бищунго рекIее захIмалъулеблъун ккола, рокъор ругел, магIарухъ гIурал, магIарулалъ гурони кIалъаларел рукIарал эбел инсуца лъималазда жидецаго гIурус мацIалъ калам гьаби. Бигьалъун бихьулеб буго чияр мацIалда кIалъай.

Лъималазда рагIулеб калам, аслияб къагIидаялъ, телевизоралдасан ва телефоназдасан буго. Гьенисан тарбия щун ва калам рагIун гIолел лъималазда гIайиб бугищ?

ХIалтIудаса рокъоре щведал чIагояб гара – чIвари лъималазулгун гьабулел умумул дагьлъулел руго. КIалъаларел, жалго жидедаго жанире руссарал лъималги цIикIкIунел руго нилъер.

Школалдаса рокъоре унаго лъималазухъ гIенеккаразда рагIулеб батила, гIурус мацIалъ гурони цоцада кIалъаларел лъимал гIемерал руго гьанже заманаялъ.

Берцингойищ букIунеб эбел – эмен кIалъарал гIечIого кIодоэбел – эменцин кIалъала росулъ ругел лъималазда гIурус мацIалъ.

Школазда магIарул мацIалъул хъваялъул ва кIалзул каламалъул дарсал бищунго захIмалъулел руго лъималазе. Бажарулеб гьечIо рахьдал мацIалда пикру загьир гьабизе.

Жакъа нилъеда цебе чIараб масъала буго рахьдал мацI ва калам къиматаб хазина гIадин цIунун настабазухъе кьей.

Киданиги ракIалде ккелароан нилъерго мацI цIунизе ккеялда хурхун ахIи бахъинабизе ккелилан. Нилъер умумулги, гIасрабаз калам гьабулеб букIараб бечедаб, магIнаяб магIарул мацI лъималазда кIочон тезе рес букIиналъ, гьелде ккезе гурилан ракI хIинкъараб хIал бачIунеб буго.

ГIурус мацIги буго лъилалиго рахьдал мацI ва нилъер улкаялъул гIаммаб мацI. Амма, гьеб лъачIого хутIуларо гIумруялда. Тоге кIочене лъималазда магIарул мацIги нилъер тарихги!

**Х. ШАМСУДИНОВА.**

## 21 ФЕВРАЛЬ – ТIОЛГОДУНЯЛАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗДА ГЬОРКЬОСЕБ РАХЬДАЛ МАЦIАЗУЛ КЪО

# Рахьдал мацIги цIуне, магIарул нухги ккве

**«МацI кIочараб миллат молода лъола,**
**малидул гIоркь кквезе чи хутIуларо.**
**ХутIараб кинабго гьадингояб жо**
**Гьардарав БетIергьан,**
**цIуне авар мацI»**
*(МухIамад АхIмадов)*




21 февраль ккола халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо. Рахьдал мацI- инсанасул миллат, халкъ, рукIа-рахъин, гIадат-гIамал лъазабулеб аслияб кьучI ккола. Жакъасеб къоялъ абуни гьеб кьучI биххун ун тIад къед лъезе бажарулареб хIалалде ккун буго.

ШагIирас абухъе молол гIоркь ккезе чи хутIулареб бакIалде бачIинехьин буго. Щайдай? Щай гурелъул гIун бачIунеб гIелалъ миллато гьабулеб гьечIелъул гьелъул.Я рокьоб, я школалда, ялъуни ясли-ахалда рахьдал мацIалде кьолеб кIвар дагьлъун буго.

Лъайкьеялъул идарабаздасанго байбихьун рахьдал мацIалде кIвар кьолеб гьечIо, тIалаб гьабулеб гьечIо. Гьеб сундуе хIажаб бугеб абун толеб буго. Сундуеха букIинеб жиндирго росу-ракь лъай, гIамал-тIабигIат кучай, умумузул гIадатал цIуни-гьеб кинабго хадусел гIелазе цIунизе букIине, магIарул миллат тIагIинчIого букIине.

Шагьаралда гIурал лъималазул бицине бакIго гьечIо росулъ гьарурал, магIарул хъизамалда гIурал ва гIун рачIунел лъималаз бицунеб буго гIурус мацI. Эбел-инсуцаги гьелъул щибго милат гьабулеб гьечIо, хIатта рохулел руго гьез чияр мацI бицунин абун. Аслияб гIайиб буго гьаниб умумузул. Гьел регIулел гьечIо лъималазда мацI малъизе, тарбия кьезе, рахьдал мацIалда маргьаби рицине, кучIдул цIализе ва гьел лъазаризе. Бигьалъун бихьун буго гьел телевизоралдасан мультикалги риччан жалго тезе, телефоналги кьун, лъимал жидедасаго эркен гьаризе. Гьезулги умумуздаги берцин бихьулеб буго лъималазул лъималаз жидеда «бабуля», «дедуля» абун гIурусалъ абулеб букIин.

Квешаб гIадатищ нилъер бугеб лъималазул цIаралдасан, гьел кIодо гьарун МахIаба, МахIадада, ГIумаба, ГIумадада ва гьел гурел цогидалги цIарал абулел рукIин. ГIажаиблъизе бачIуна умумуз абулеб мехалъ, жидер лъималазда гIурус мацI хехго лъалила магIарул мацIалдаса абун. БитIахъе рекIеда хеч къараб хIал лъугьуна лъималазул гьедин абидал.

ГIурусалъ бигьа букIунила кIалъазе ва лъазабизе магIарул мацIалдаса. Щай бигьа бугеб? Щай гурелъул гьезие рес букIун интернеталдаса чияр пикру хIалтIизабун , гьениса босун гIурусалъ хъван, цебе кьун хIалтIиги чIезе. Я ургъизе, я жидерго пикру загьир гьабун кIалъазе лъималаз къо бихьизабулеб гьечIо.

Лъималазда лъалеб гьечIо жакъа къоялъ магIарул мацIалда ретIелкуналда, цIарагIалда, тIагIел-гIучIалда, боцIипанзалда цIарал. ЛъаларолъиялДа гIайибги гьечIо, гьезда бихьулебги рагIулебги гIурусалъ гурони гьечIелъул. Хъвай лъималазе «Лачен» журнал, росе гьезие магIарул мацIалда тIахьал ва цо-цоники нужгоги аскIор гIодор чIа гьезда мацI малъизе. Хадуб кватIун ккезе гурин.

Жакъа нилъерго гIадаталги тун, чияраб босараб гIадин, метерисеб къоялъ гьез кинабго гIурусазулаб босизе ва гьабизе буго. Гьелъ умумуздаса лъималги бергьунел руго, жидее бокьараб гурони гьабулебги гьечIо, жидеего эркенлъиги тIалаб гьабулеб буго. Гьелдалъун лъималазул чорхолъа иман, яхI-намус, адаб-хъатир тIагIунеб буго.

ГIадада гуро дунялалдаго цIар рагIараб шагIир Расул ХIамзатовас абураб:

**«Дун гьитIинаб пикру кIодо гьабизе,**
**КIудияб рукIнисан кIалъалев гуро.**
**Ва пачIалихъалъул ассамблеялда**
**Авар мацIалъе бакI гьарулев гуро.**
**Амма гьал кьурабалъ улкаялъ рарал**
**мактабазда гьеб мацI**
**малъизе ккела...»**

Мактабазда гуребги гьеб малъизе ккун буго киниялдасанго эбел-инсуцаги, кIудада, кIодоэбелалдасанги байбихьун.

Дица кIвараб яхI бахъула лъимал рахьдал мацIалда ругел тадбиразда гIахьаллъизаризе, классалда гьарулел киналго тадбиралги магIарул мацIалда тIоритIизе, дагьабниги гьезул кIвар мацIалде буссинабизе. ТIоритIула батIи-батIияй къецал. Гьираялда гIахьаллъи гьабулел лъимал рукIуна гIисинал классаздаса, чIахIиял хIалихъего цIазе ккола тадбиралде. КIвараб яхI бахъизе ккела умумузги, мугIалимзабазги нилъерго арабги букIинесебги цIунизе. Гьеб цIунизе ккани, цIунизе ккола нилъерго мацI.

**Камилаб, гьайбатаб**
**гьаб магIарул мацI**
**ЦIуне дир хириял, бице хIайранго.**
**ХIасратаб рокьигун, адаб-хъатиргун**
**Хъвай-цIали лъазабе**
**рахьдал мацIалда.**
**Умумузул гIадат кIочене тоге,**
**ЦIар арал бахIарзал ракIалда цIуне.**
**Дурго миллат бокьа,**
**гьелъул нух ккун а,**
**Аварав вугилан, гьелдаса чIухIа.**

**Г. ИБРАГЬИМОВА**
**Хьаргаби № I гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим.**

---

ФАЗУ ГIАЛИЕВА

## *Дир рахьдал мацI*

Дун гьаюраб къоялъ, кьулун тIадеги,
ТIегьилан абуна, дида эбелалъ
Гьеб рагIи букIана магIарул мацIалъ
МагIарул чIужуялъ чIухIун абулеб.

Дун якъараб мехалъ хахе меседан
Дие каранзул рахь кьуна эбелалъ.
БачIана дихъе доб рахьдада цадахъ
Дир умумузул мацI, дир магIарул мацI.

Дица гьаб мацIалда бакъул чIоразде
Дадаян ритIана гьитIинал кверал,
Каранде дунги къан инсуца дие
Гьаб мацIалъ цIалана цIодорал харбал.

Дие гьаб мацIалда магIарулаца
МугIрузул, гIоразул къиса бицана,
КъабихIав Надир – шагь дир умумуца
Асир гьавураб куц дида рагIана.

Дир мугIрул халкъалъул намусги цIунун,
ЦIадаве кIанцIарав Гьидалъа Хочбар
Гьаб мацIалъ кIалъана ахираб нухалъ,
Ханасе чIегIераб нагIанаги кьун.

Къоло щуго соналъ Дагъистан цIунун,
ЦIум гIадин вагъарав Шамил Имамас,
МагIарул мацIалда эркенлъийилан
АхIана кьураби кьватIилеб хIалалъ.

Гьеб мацIалъ цIа гIадал кучIдул ахIана
МугIрул чIужуялъе МахIмуд гIашикъас
ГIанхил Мариница кIал букъаниги
КьотIун течIо жиндир гьайбатаб бакъан.

Махмаралда рарал жавагьарал гIадин
ГIагарал ХIамзатил хIасратал кучIдул
ХIасратго абураб щибаб рагIиялъ
МагIарул мацI ахгIан бечед гьабуна.

Аза – азар соназ дир магIарулаз
Гьаб мацIалъ цIунана магIарул тарих
Жавгьар, якъут гIадал кIалзул биценаз
Берцинал жидерго жугьабаз кьуна.

Гьаб мацI дие кьуна мугIрул чIужуялъ
Жиндирго хирияб хазина гIадин
Эбелалъ жиндийги кьун букIанилан
Кьейила дуцаги дур лъималазе.

Гьаб мацI дие кьуна магIарулаца
МагIарул намусгун, бечедаб ирслъун,
БацIцIадго цIуне гьаб, бечед гьабе гьаб
Гьелда ахIе дуца хIасратаб кечIан.

Биччанте гьаб дагьаб хъачIаб букIине
ХъачIал кьурабазда гIураб букIине
ГIагараб рахьдал мацI, дир магIарул мацI
Дир рекIелъ бессараб бидулъ бежараб,
Дицаги кьела мун рахьдада цадахъ
Дирго лъималазе ма босейилан.

---

ДЖАМАЛ МУХIАМАДОВ

## *Рахьдал мацI*

ЦIар-цIар ккун рехселаро, рецц бадибе лъикI гуро,
Лъайги, гIакълуги бугел, гIадамазул бицина.
ЦIакьго гIайиб чIваларо, чIор рекIелъ речIчIиларо,
Рахьдал мацI, духъ холезде, хитIаб гьабун кIалъала.

Абун рагIи гIолеб жо, гIумруялда дагь буго,
Гьабизе кколеб батун, тараб гIемераб буго.
РакIарула, бицуна, цого сакъис чIамула,
ЧIунтулеб миллаталъухъ гIаммаб магIу гьабула.

МагIарул мацI цIунизе, цIализе ва бицине,
Кколин абураб рагIи, гIемер такрар гьабула.
Гьеб мацIалда хъвалев дун, дун гIадинал нахъеги,
Дарулъун гурищ ругел, рахьдал мацI цIуниялъе.

Лъицаха ниж цIехолел, лъица цере ахIулел,
Лъица рецц-бакъги гьабун, ракI батизе гьабулеб?
БичIчIун буго ХIамзатил, МахIмудил ва Расулил,
Сиялъул ахадецин, рахарал ниж гьечIеблъи.

Бугелда гIейги гьабун, гIайибалги нахъе цун,
ЦIияб къалам ккуразе, кумек буго хIажалъун.
ХIакъикъаталдаги нуж нужерго чунтбухъ гурел,
Рахьдал мацI цIуниялъухъ урхъун холел ратани.

# ИЗМЕНЕНИЯ В ЗЕМЕЛЬНОМ КОДЕКСЕ

**С 1 марта 2026 года вступают в силу изменения в Земельный кодекс РФ (Федеральный закон № 295-ФЗ), которые меняют правила использования земельных участков.**

В рамках 295-ФЗ виды разрешённого использования (ВРИ) устанавливаются для земельных участков всех категорий и определяются по федеральному классификатору, утверждаемому уполномоченным органом. При этом, ВРИ устанавливаются в зависимости от принадлежности земельных участков к определенным категориям земель, их нахождения в границах определенных зон, земель или территорий, а также от целей их дальнейшего использования.

Для одного участка можно установить несколько основных и вспомогательных видов использования.

Правообладатель сможет выбрать основной вид разрешённого использования из утверждённого перечня, а сведения будут внесены в ЕГРН.

В ряде случаев изменение ВРИ станет возможно без дополнительных согласований.

Изменение вида разрешённого использования или категории земель не прекращает права собственности или аренды.

Также уточняются правила образования новых участков и их учёта в ЕГРН.

Для граждан это означает более понятные и единые по всей стране правила использования земельных участков.

**Предназначение сельскохозяйственного земельного участка решат «два ключа» и согласование с высшего должностного лица региона.**

Для перевода сельхозучастка в другую категорию понадобится гораздо больше согласований, чем сейчас.

За последние 10 лет площадь земель сельхозназначения в России сократилась на 15 млн гектаров. К 1 января 2024 она составила 371,6 млн гектаров и с 1 марта 2026 года процедура перевода сельхозземель в другие категории будет ужесточена: появится дополнительная защита по принципу «двух ключей».

**Принято решение, что теперь вопрос перевода сельскохозяйственных земель в другие категории будет рассматриваться депутатами региональных парламентов и Минсельхозом России.**

- Этот законопроект наконец-то урегулировал проблемы, связанные с разрешенным использованием земельных участков. К сожалению, в Земельном Кодексе всего одна статья была посвящено виду разрешённого использования участков, и за 25 лет законодатель так ничего нам и не рассказал о том, как определять правовой режим сельскохозяйственных угодий.

В 2013 году Верховный суд отметил, что пока нет отдельного федерального закона, регулирующего порядок определения правового режима сельскохозяйственных угодий, вид разрешенного использования менять нельзя. И когда коллеги из Минсельхоза начали реализовывать госпрограмму (развития сельского хозяйства), а сельхозтоваропроизводители столкнулись с таким жестким законодательным решением, выяснилось, что это неудобно для сельскохозяйственных инвесторов.

Совет федерации РФ одобрил поправки в ряд федеральных законов, включая Земельный и Градостроительный кодексы, а также в закон о переводе земель или земельных участков из одной категории в другую, то есть изменится порядок изменения вида разрешённого использования участка. Речь идёт о случаях, когда земли сельхозназначения остаются землями сельхозназначения, но собственнику в силу производственных задач нужно изменить его, так сказать, целевое назначение - например, построить молочную ферму на участке, предназначенном для растениеводства. Вид разрешённого использования участка, зачастую устанавливался ещё в годы советской власти. И инвесторы, которые спустя 30-40 лет пришли на земли после распада колхозов и совхозов, пытались менять виды разрешённого использования - и тут же оказывались в центре внимания правоохранительных органов.

**295-й Федеральный закон в переходных положениях в 16-й статье наконец-то решил эту историческую проблему: теперь можно решением органа государственной власти субъекта поменять вид разрешенного использования сельхозугодий, но только для целей ведения сельского хозяйства - Таким образом мы получили новый инструмент управления землями сельхозназначения — как для реализации госпрограммы Минсельхоза, так и в целом для нужд сельхозтоваропроизводителей.**

В настоящее время для перевода сельхозземли в другую категорию необходимо подать ходатайство, а соответствующий орган власти должен принять свой акт о таком переводе. Согласно новым правилам, которые устанавливаются принятым законом, данный акт будет приниматься исключительно в соответствии с региональным законом, предусматривающим смену категории земель или отдельного участка.

Для того, чтобы такой региональный закон прошёл, необходимо будет одобрение со стороны высшего должностного лица региона. Кроме того, законодательная инициатива о соответствующем переводе должна быть рассмотрена законодательным органом региона при наличии заключения «федерального органа исполнительной власти, осуществляющего функции по выработке и реализации государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере использования и охраны земель сельскохозяйственного назначения» (предположительно, Минсельхоза).

То есть, для любого случая перевода участка из сельхозкатегории в другую понадобится согласование с высшего должностного лица региона, затем принятие регионального закона, проект которого одобрен Минсельхозом.

Принятыми поправками также существенно ограничивается количество случаев, в которых допускается перевод сельхозземель в другую категорию. В итоге это будут такие случаи:

непригодность использования земель для сельхозпроизводства;

создание особо охраняемых территорий;

изменение или установление границ населённых пунктов;

строительство, реконструкция объектов государственного или местного значения;

добыча полезных ископаемых, кроме общераспространенных.

Предполагается, что новый закон по большей части вступит в силу с 1 марта 2026 года, при этом предусмотрены переходные положения относительно перевода сельхоземель в другую категорию в целях добычи общераспространённых полезных ископаемых.

Отдельно будет решён вопрос со строительством объектов на виноградно-пригодных землях: собственникам позволят возводить на таких участках капитальные и некапитальные объекты, предназначенные для виноградарства, виноделия и оказания услуг в сфере сельского туризма.

- Этот законопроект для нас как приоритетный, необходимость в таком законе возникла, поскольку у нас развивается сельский туризм - Агро туризма, потому что действительно проблема строительства гостевых домов есть. Это дополнительный ресурс для сбыта продукции, для привлечения вообще внимания к сельским территориям.

Рекомендуем собственникам заранее ознакомиться с новыми нормами и при необходимости уточнить сведения о своём участке.

**МУСАЕВ У.М.**
**Руководитель Гергебильского межрайонного филиала «Дагтехкадастр»**

---

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ
«село ГЕРГЕБИЛЬ»

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*«04» 02 2026г. № 02-02/35*
*с.Гергебиль*

**О предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объекта капитального строительства**

В соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 Х'2 131 -ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Градостроительным Кодексом Российской Федерации, руководствуясь Уставом, администрация муниципального образования «село Гергебиль»

**постановляет:**

I. Предоставить Айдимирову Шамилю Магомедовичу разрешение на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объекта капитального строительства в части максимального процента застройки, в границах земельного участка с кадастровым номером 05:24:000001:1294, площадью 129 кв. м. превышение 10%.

2. Специалисту по сайтам муниципального образования «село Гергебиль» (Меджидову М.Б.) опубликовать настоящее постановление на официальном сайте муниципального образования «село Гергебиль», в сети интернет.

3. Муниципальному бюджетному учреждению «Редакция Районной Газеты» опубликовать настоящее постановление в газете «Вперед».

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя Главы администрации, МО «село Гергебиль» Албуриева Г.М.

**Глава**
**МО «село Гергебиль»**
**ИДРИСОВ Б.А.**

---

## МЕРЫ ПРЕДОСТОРОЖНОСТИ В ОТОПИТЕЛЬНЫЙ ПЕРИОД !

Если вы почувствовали запах газа, ни в коем случае

НЕ ВКЛЮЧАЙТЕ ЭЛЕКТРОПРИБОРЫ;

НЕ ПОДЖИГАЙТЕ СПИЧКИ, НЕ КУРИТЕ;

Закройте кран на отводе к газовым приборам;

Закройте подачу газа к плите и откройте окна, для проветривания;

Проверяйте техническое состояние газовой плиты и иных газовых приборов;

Используйте электрообогреватели, только заводского производства;

При эксплуатации электрообогревателя, не оставляете его без присмотра;

Не размещайте обогреватель вблизи легковоспламеняющихся поверхностей;

Не перегружайте электросеть и следите за тем, чтобы розетки и вилки приборов не нагревались, это может привести к короткому замыканию и, как следствие к пожару.

**ПЧ – 34 с. Гергебиль**

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН
АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ
«сельсовет Дарада-Мурадинский»

СЕЛЬСКОЕ СОБРАНИЕ «СЕЛЬСОВЕТ ДАРАДА-МУРАДИНСКИЙ»

# РЕШЕНИЕ

## О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ НА 2026 ГОД И ПЛАНОВЫЙ ПЕРИОД 2027 - 2028 годы

*От «26» января 2026 г.* *№01-06/16*

1. Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2026 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 3158,2 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского в сумме 3158,2 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 2757,2 тыс. рублей согласно приложению 1 к настоящему Решению;

2)общий объем расходов сельского бюджета в сумме 3158,2 тыс. рублей;

2. Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2026 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 3158,2 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 3158,2тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме2757,2 тыс. рублей согласно приложению 1 к настоящему Решению;

2)общий объем расходов сельского бюджета в сумме 3158,2 тыс. рублей;

### Распределение доходов бюджета на 2026 по кодам экономической классификации

| Код главы ведомства | Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|
| 182 | 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 48,0 |
| 182 | 1 06 00000 00 0000000 | Налог на имущество физических лиц | 97,0 |
| 182 | 1 06 06013 10 0000110 | Земельный налог, взимаемый по ставкам, установленным в соответствии с подпунктом 1 пункта 1 статьи 394 Налогового кодекса РФ и применяемым к объектам налогообложения, расположенным в границах поселений | 50,0 |
| 182 | 1 05 03000 01 0000 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 130,0 |
| 001 | 1 82 00000 00 0000 000 | Прочие налоговые платежи и сборы | 76,6 |
| 001 | 2 02 01001 10 0000 151 | Дотации бюджетам поселений на выравнивание бюджетной обеспеченности | 2500,0 |
| 001 | 2 02 03015 10 0000 151 | Субвенции бюджетам поселений на осуществление полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 257,2 |
| 001 | 2 02 4001410 0000 151 | Межбюджетные трансферты, передаваемые бюджетам сельских поселений из бюджета муниципальных районов на осуществление части полномочий по решению вопросов местного значения в соответствии с заключенными соглашениями | 0 |
| | | **ВСЕГО** | **3158,2** |

### Распределение расходов бюджета на 2026 по кодам экономической классификации

| Наименование показателя | Функциональной классификации расходов бюджетов РФ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | РД | ПР | ЦС | ВР | Сумма | |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 490150 | |
| | 01 | 02 | 999002001С | 129 | 130740 | |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 910540 | |
| | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 224300 | |
| | 01 | 04 | 999002003С | 242 | 24000 | |
| | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 45000 | |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 178200 | |
| | 02 | 03 | 9980051180 | 129 | 53800 | |
| | | | 9980051180 | 244 | 25200 | |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 05 | 03 | 99400601Л | | 40000 | 03 |
| Сельский дом культуры | 08 | 01 | 991002440Д | 121 | 818842 | |
| | 08 | 01 | 991002440Д | 129 | 217428 | |

**Глава МО «с/с Дарада-Мурадинский»** **Алмасханов А.А.**

**Председатель сельского собрания МО»с/с Дарада-Мурадинский»** **Мусахмаева А.Ш.**

## Исполнение бюджета Администрации МО «село Курми» Гергебильского района РД за 2025 год.

| Код главы ведомства | Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Утверждено на 2025год | Исполнено |
|---|---|---|---|---|
| **001** | **1000000000000 000** | **ДОХОДЫ** | **624000-00** | **755555-27** |
| 001 | 10102000010000 110 | Налог на доходы физических лиц | 510000-00 | 655828-39 |
| 001 | 10601030100000 110 | Налог на имущество физических лиц | 93000-00 | 43375-68 |
| 001 | 10606043100000 110 | Земельный налог с физических лиц | 21000-00 | 19568-68 |
| 001 | 10606033101000 110 | Земельный налог с организаций | - | 36782-52 |
| **001** | **20000000000000 000** | **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | **14106107-06** | **14119125-26** |
| 001 | 11702020100000180 | Возмещение потерь сельскохозяйственного производства, связанных с изъятием сельскохозяйственных угодий, расположенных на территориях сельских поселений (по обязательствам, возникшим до 1 января 2008 года) | - | 1170388-80 |
| 001 | 202 03015100000 150 | Дотации бюджетам поселений на выравнивание бюджетной обеспеченности | 4696000-00 | 4472910-00 |
| 001 | 202 30024100000 150 | субвенции местным бюджетам на выполнение передаваемых полномочий субъектов РФ | 322000-00 | 241500-00 |
| 001 | 202 03015100000 150 | Субвенции бюджетам поселений на осуществление полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 185300-00 | 185300-00 |
| 001 | 20202216100000 150 | Субсидии бюджетам сельских поселений на осуществление дорожной деятельности в отношении автомобильных дорог общего пользования, а также капитального ремонта. | 2285577-50 | 2217487-77 |
| 001 | 20229999100000150 | Местная инициатива (Кап. Ремонт территории СДК) | 6403500-00 | 5390985-00 |
| 001 | 11105025100000120 | Арендная плата за землю | 171998-00 | 171998-00 |
| 001 | 20229999100000150 | Прочие субсидии (Оплата по описанию границ АМО) | 213729-56 | 213729-56 |
| 001 | 00000000000000000 | Остаток на расчётном счёте 01.01.2025год | | 54826-13 |
| | | **ВСЕГО** | **14902105-06** | **14874680-53** |

## Распределение бюджетных ассигнований за 2025 год Администрации МО "село Курми"

| Документ, учреждение | Разд подраздел. | Ц.ст. | Расх. | Сумма на 2025год | Исполнено |
|---|---|---|---|---|---|
| Глава муниципального образования | 0102 | 999002001С | 121 | 314943-00 | 314943-00 |
| Глава муниципального образования | 0102 | 999002001С | 129 | 92328-00 | 92328-00 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 121 | 993490-00 | 993490-00 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 129 | 294777-00 | 294777-00 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 242 | 44200-00 | 44200-00 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 244 | 297169-00 | 288974-00 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 247 | 253292-07 | 253292-07 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 851 | 8150-00 | 8150-00 |
| Выборы 2025г (депутаты с/с) | 0107 | 994002002Ц | 880 | 168726-00 | 168726-00 |
| ВУС | 0203 | 2640151180 | 121 | 119400-00 | 119400-00 |
| ВУС | 0203 | 2640151180 | 129 | 36200-00 | 36200-00 |
| ВУС | 0203 | 2640151180 | 244 | 29700-00 | 29700-00 |
| Содержание и капитальный ремонт автодорог | 0409 | 1530020760 | 244 | 8594-98 | 8594-98 |
| Содержание и капитальный ремонт автодорог | 0409 | 1540520760 | 243 | 1935577-50 | 1868470-00 |
| Содержание и капитальный ремонт автодорог | 0409 | 994002602Л | 244 | 350000-00 | 349017-77 |
| Описание границ | 0412 | 1120185140 | 244 | 213729-56 | 213729-56 |
| Коммунальное хозяйство | 0502 | 9940023510 | 244 | 976688-00 | 976688-00 |
| Уличное освещение | 0503 | 994002601Л | 247 | 554631-12 | 554631-12 |
| Уличное освещение | 0503 | 994002601Л | 360 | 615757-68 | 615757-68 |
| Вывоз ТБО | 0503 | 994002605Л | 244 | 112200-00 | 112200-00 |
| Прочие мероприятия по благоустройству | 0503 | 994002606Л | 244 | 384320-00 | 384320-00 |
| Прочие мероприятия по культуре (кап. рем. СДК) | 0503 | 9990041120 | 243 | 6400000-00 | 5390985-00 |
| Культура | 0801 | 991002440Д | 111 | 983899-00 | 983899-00 |
| Культура | 0801 | 991002440Д | 119 | 293968-00 | 293968-00 |
| Культура | 0801 | 991002440Д | 244 | - | 0-00 |
| Доплата к пенсии муниципальным служащим. | 1001 | 9940034914Э | 312 | 96016-03 | 96016-00 |
| ВСЕГО | | | | 15576774-71 | 14492457-21 |

**И.О. Главы АМО «село Курми»** **Магомедова Х.М.**


**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*


**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**


**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
12 февраля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00